



Maladi moustik yo bay nan Eta Florid



Kisa yon aboviris ye?

Aboviris se viris moun trape lè ensèk oswa tik pike yo. Nan eta Florid, nou jwenn viris Nil Oksidantal (WNV), viris ansefalit ekin lès (EEEV), ak viris ansefalit Saint-Louis (SLEV). Se moustik yo ki gaye viris sa yo ki kapab lakòz moun trape maladi grav.

Kouman moun yo vin enfekte avèk aboviris yo?

Yon moustik ki enfekte ap gaye viris la lè li pike yon moun. Viris la fè ale-vini ant zwazo yo ak moustik yo. Pafwa yon moustik enfekte ap pike yon moun oswa yon cheval alapas yon zwazo. Moun pa kapab trape yon aboviris nan kontak òdinè avèk yon moun ki enfekte.

Ki sentòm moun yo santi lè yo trape maladi aboviral?


Pifò moun ki enfekte avèk yon aboviris pa malad ditou. Pou ti kantite moun ki vin malad yo, sa pran 2 jiska 15 jou apre yon moustik enfekte fin pike yo anvan yo vin malad. Pami sentòm yo, genyen lafyèv, maltèt, fatig, vètij, ak twoub. WNV kapab lakòz tou gratèl oswa feblès nan miskilati. Moun ki gen 50 tan ak plis gen plis chans pou yo gen sèvo anfle nan enfeksyon SLEV oswa WNV. Nenpòt moun ki enfekte avèk EEEV kapab vin genyen sèvo anfle. Si yon moun gen lafyèv ak yon maltèt grav oswa dwòl, moun sa a ta dwe wè yon doktè san pèdi tan. Doktè a kapab mande moun nan pou li fè tès nan laboratwa pou konnen si se yon aboviris ki lakòz moun nan trape maladi a. Menm si pa gen gerizon pou aboviris yo, genyen tretman pou sentòm yo. Tretman an gen enpòtans. Yon moun ki gen anfleman grav nan sèvo kapab tonbe nan koma oswa li kapab mouri.

Kisa pou nou fè pou nou pa kite maladi moustik yo bay gaye twòp?

Nou dwe siveye bèt ak moustik yo deprè pou detekte siy aboviris. Yo fè elvaj poul ki rele poul santinèl nan plizyè konte. Yo teste san poul yo pou detekte siy aboviris. Si yo jwenn viris la, epi moustik yo ap pike moun, y ap fè plis efò pou kontwòl moustik yo. Kominike y ap bay nan laprès ak edikasyon piblik ap fè moun yo sonje fason pou yo pwoteje tèt yo pou pa kite moustik pike yo.

E konsènan lòt bèt yo?

Cheval yo kapab vin malad tou avèk EEEV ak WNV. Pafwa, cheval malad yo se premye siy ki endike genyen aboviris nan yon zòn. Zwazo ki mouri yo se yon lòt siy ki fè konnen genyen WNV k ap sikile nan zòn nan. Tanpri lè w remake zwazo ki mouri, fè konnen sa nan sit wèb www.myfwc.com/bird/. Si w pa genyen yon òdinatè, rele depatman sante konte a oswa biwo Fish and Wildlife Conservation Commission. Pa manyen bèt ki malad oswa ki mouri avèk men ou konsa.



Èske maladi aboviral se maladi ki komen nan eta Florid?

Yo te premye dekouvri WNV nan eta Florid nan ane 2001. Apre plizyè ane, SLEV se kòz ki pi komen pou maladi aboviral nan Eta Florid. Plis pase 200 moun trape maladi grav pandan deklanchman maladi WNV ak SLEV. Deklanchman sa yo pa fèt chak ane. Anjeneral, yo jwenn sèlman senk (5) moun pa ane ki genyen maladi EEEV nan eta Florid.

Kisa mwen kapab fè pou pwoteje fanmi mwen ak mwen menm kont maladi moustik yo bay?

Pou kounye a, pi bon fason pou diminye risk pou trape maladi se pa kite moustik pike ou. Pou fè sa, ou dwe pratike 5 D's Prevansyon.

MEN 5 D'S PREVANSYON


- Pa rete deyò lè gen **LÈ SOLÈY AP KOUCHE** ak **GRANMATEN** lè moustik yo pi aktif.
- Pou pwoteje tèt ou pou pa kite moustik pike ou, **ABIYE** pou po kò ou kapab kouvri avèk rad ou. Mete soulye, chosèt, pantalon long ak chemiz manch long.
- **FÈ DLO** dòmi yo koule pou espas pou moustik yo pa kapab devlope pou yo pike moun pi plis.
- Mete pwodui ki chase ensèk ki genyen **DEET*** (N,N-dyetil-meta-toliyamid oswa N,N-dyetil-3-metilbenzamid). Ou kapab mete plis pwoteksyon sou ou. Pou fè sa, pase yon anti-moustik pèmetrin dirèkteman sou rad ou. Picaridin ak lwil ekalptis sitron se anti-moustik ou kapab chwazi. Toujou li enstwiksyon manifakti a avèk prekosyon anvan w itilize yon anti-moustik, epi asire anti-moustik la bon pou laj ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit wèb nan www.MyFloridaEH.com/community/arboviral/index.html.

Ou kapab tou rele nan nimewo 850-245-4299 nan lè biwo louvri, oswa rele nan nimewo 1-888-880-5782 pou jwenn enfòmasyon anrejistre nenpòt kilè. Pou rapòte maladi oswa blesi ki gen pou wè ak pestisid, rele nan nimewo 1-800-606-5810.



Pwoteje kay ou kont moustik



Pi bon fason pou pa trape maladi moustik bay se pa kite moustik pike ou. Depi w swiv lis ijyèn kont moustik ak 5 D's prevansyon yo, ou kapab ede pwòp tèt ou ak manm fanmi ou evite pran maladi moustik yo bay.

Elimine espas ki gen moustik yo—touye lav yo

Moustik yo ponn ze yo kote ki genyen imidite. Sa pran sèlman kèk jou pou yon ze tounen yon moustik adilt, ki kapab viv pandan plizyè semèn. Pandanstan, yon moustik adilt femèl kapab ponn anpil ze. Pou adilt femèl la kapab ponn ze, li chèche yon viktim (tankou yon zwazo, yon cheval, oswa yon moun) pou souse san li. Yon moustik adilt kapab vole sou yon distans apeprè 2 mil avèk espas repwodiksyon an (li kapab vole menm pi lwen lè gen van). Eliminasyon espas repwodiksyon moustik se youn nan kle pou prevansyon.

- Elimine dlo dòmi nan vye kawotchou, nan bokit, nan dwoum, oswa nan nenpòt lòt bwat.
- Netwaye kanivo yo. Tcheke do kay ki plat kote dlo kapab pa koule byen.
- Kouvri barik ak poubèl yo byen avèk yon kouvèti oswa avèk yon materyèl kriblaj ki gen yon griyaj fen.
- Retire dlo nan pisin gonflab plastik yo omwen yon fwa pa semèn. Sere yo andedan lè w p ap sèvi ak yo.
- Chanje dlo nan basen zwazo ak bòl dlo bèt nan kay yo omwen yon fwa pa semèn.
- Retire dlo nan po plant yo omwen yon fwa pa semèn.
- Chavire po plastik yo oswa retire dlo ladan yo.
- Retire vye kawotchou oswa foraj nan sa ki itilize nan teren jwèt pou retire dlo ladan yo.
- Plani tè ki ozalantou ou pou dlo pa rete la.
- Ranpli twou oswa kre ki ranmase dlo toupre kay ou.
- Ranmase tout resipyan ak vè ki gen bwason ladan yo.
- Kouvri bato yo oswa chavire yo fas anba.
- Tcheke prela ki sou bato yo oswa ki sou lòt ekipman ki kapab ranmase dlo.
- Ponpe bouchen ki sou bato yo.
- Trete dlo dòmi yo avèk pwodui ki touye lav moustik yo. W ap jwenn pwodui sa yo nan magazen ki vann atik pou reparasyon kay ak sant ki vann atik pou jaden.
- Ranpli twou ki nan pyebwa yo ak souch kre ki kenbe dlo.
- Mete nan akwaryòm ou pwason ki manje moustik tankou vewon, ganbizi, pwason wouj oswa gipi.
- Retire plant oswa tout sa ki bloke fose drenaj pou dlo a kapab pase ale.
- Repare kriblaj ki nan fenèt, pòt, galri, ak patyo yo.

Yon mo sou “Zapè”

Kèk aparèy ki fèt pou fonksyone lè metòd pou kontwole moustik yo pa fè yon trè bon djòb. Pa egzanp, “zapè ensèk” yo pa travay byen pou kontwole moustik ki pike moun yo. Yo kapab atire plis moustik nan lakou ou, epi yo touye ensèk ki jwenn avantaj yo tou. Divès kalite zwazo ak chovsouri manje moustik, men pa gen anpil prèv ki endike sa diminye kantite moustik ki ozalantou kay yo. Aparèy elektwonik pou detekte moustik pa anpeche moustik pike moun.

5 D's Prevansyon maladi moustik bay

PA SÒTI DEYÒ LÈ GEN LÈ solèy ap kouche oswa Granmaten lè moustik yo pi aktif.

Si w dwe sòti deyò lè moustik yo aktif, ABIYE OU POU PO KÒ OU KAPAB KOUVRI PRÈSKE NÈT.

Retire dlo nan resipyan epi RETIRE DLO DÒMI KI ozalantou kay ou.

Mete pwodui ki chase ensèk ki genyen DEET (N,N-dyetyl-meta-toliamid oswa N,N-dyetyl-3-metilbenzamid). Picaridin ak lwil ekalptis sitron se anti-moustik ou kapab chwazi.

*DEET pa rekòmande pou timoun ki poko gen 2 mwa. Epitou, ou pa ta dwe itilize anti-moustik ki genyen lwil ekalptis sitron sou timoun ki poko gen 3 zan. Pa mete tibebe ou kote ki genyen moustik. Si w dwe mete tibebe ou deyò, abiye li avèk rad pwoteksyon epi kouvri pousèt la avèk moustikè.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit wèb nan www.MyFloridaEH.com/community/arboviral/index.html.

Ou kapab tou rele nan nimewo 850-245-4299 nan lè biwo louvri, oswa rele nan nimewo 1-888-880-5782 pou jwenn enfòmasyon anrejistre nenpòt kilè. Pou rapòte maladi oswa blesi ki gen pou wè ak pestisid, rele nan nimewo 1-800-606-5810.

